12.- AARU LOXO AK GIS

Nangeen def manla Luis jàŋgalekatu aar ci jàŋg mu warmi. Ningeenko gise njàŋgangale mu jafela, liñu jublu ci njàŋgalemoomu mooy eleewyi mënë waxe sen xalaat jaaraleko ci aar biñuy defar. Fimutolunii ñenn ñaangi jàŋg ci seometri plaan ñeneenñi ci ay rëdd kaare, triyaangal, yooyu yëpp di ay xeetu deseŋ. Ngir ñu jàŋg yooyu dinañu jëfëndikoo juumtukaay yu bari lu melni ekeer ak lu melni kreyon ak ay xeetu pentiir yu bare. Niñuleen koy jàŋgangalee mooy esplike leenko ci tablo bi, suñu paree kune defar dara ci liñu leen esplike doonte yeneen juumtukaay ngay jëfëndikoo.

Benn kaaree ngi nii boo xamni ñiing ko defare ci anam yu wute, bii kreyon kulëër lañko defare bee kol lañko defare, bale pentiir lañ ko defare. Yeneen misaal ci yi ñuy liggéey ci njàŋgmi rawatina ci ñetteelu atbi mooy nan lañuy jëmële ay mbir. Ganaw ñjàŋg miñiy jàŋg ci ekool bi, dinañu dem itam ci yeneen bërëb yu melna ay miise di fuñuy deñcc aar, dinañ jàppoo tamit ak yeneen mbootaay yoo xamni dinañ fi ñëw jàŋgalñu ay teknik yu am njariñ ci nan lañu mënë sopi ban ak ay xetam ba mën cee am mbirum aar. ELEEW BU GÓOR AK ELEEW BU JIGEEN ÑOO ÑUY WAX JUUMTUKAAY YIÑU WARA INDI NGIR NJÀƊG MOOMU